

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1 Kacindekkan**

Saréngséna ngolah skor hasil tés kamampuh maca jeung kamampuh ngaprésiasi carpon basa Sunda, katut korélasi antara kamampuh maca jeung kamampuh ngaprésiasi carpon siswa Kelas X SMA Pasundan I Bandung, hasil ieu panalungtikan bisa dicindekeun saperti ieu di handap.

- 1) Siswa Kelas X SMA Pasundan I Bandung, kagolong can mampuh dina widang maca pamahaman, kamampuh maca pamahaman siswa Kelas X SMA Pasundan I Bandung mibanda kamampuh maca 75 – 125 Kpm. Dumasar kana hasil panalungtikan, wincikan kamampuh éféktifitas maca (KEM) siswa kelas X SMA Pasundan I Bandung nya éta: (1) Dina kategori hadé pisan aya 3 siswa (3,33%), (2) Kategori hadé 4 (4,44%), (3) Kategori kurang aya 40 siswa (44,4%) (4) Dina kategori kurang pisan aya 35 siswa (38,8%).
- 2) Siswa Kelas X SMA Pasundan I Bandung, kagolong can mampu dina widang ngaprésiasi carpon basa Sunda nu diujikeun. Dumasar kana hasil panalungtikan, hasil ngaprésiasi carpon siswa kelas X SMA Pasundan I Bandung nya éta: 1) katégori goréng aya 52 siswa, 2) katégori goréng pisan aya 38 siswa. Kamampuh maca Dongéng siswa kelas X SMA Pasundan I Bandung aya tarap goréng.

- 3) Ayana korélasi nu signifikan antara kamampuh maca jeung kamampuh ngaprésiasi carpon siswa Kelas X SMA Pasundan I Bandung anu gedena 0,86, kaasup korélasi luhur.

## 5.2 Saran

Dumasar kana hasil panalungtikan, kagambar yén para siswa masih keneh kurang mampu boh dina widang maca boh ngaprésiasi carpon. Ku kituna, aya sababarah hal anu kudu diperhatikeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca jeung kamampuh ngaprésiasi carpon, di antarana.

- 1) Pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca:
  - a. Dina pangajaran maca, siswa kudu bener-bener diajarkeun maca pikeun pamahaman lain maca pikeun hiburan hungkul, ku cara kitu siswa bisa leuwih parigel dina kamampuh maca
  - b. Guru kudu mindeng ngayakeun bimbingan diajar anu aya patalina jeung kamampuh maca pamahaman, nu tujuanna pikeun mikanyaho jeung ngukur sa jauh mana kamampuh maca siswa.
- 2) pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngaprésiasi carpon
  - a. Dina pangajaran aprésiasi carpon ulah ngan saukur maca hungkul, tapi ogé kudu ngalenyapan eusi anu aya dina wacana (carpon), sangkan ma'na naon anu hayang ditepikeun ku pangarang bisa kapanggih.
  - b. Dina praktékna pangajaran aprésiasi sastra siswa kudu diwanohkeun kana teori sastra sanajan ngan saulas.
  - c. Siswa kudu mindeng maca karya sastra Sunda hususna carpon, sangkan leuwih wanoh kana kasusastraan Sunda

